# МÆ ЦÆСГОМ

## РАДЗЫРД

Уаты алыхуызон зынаргъ дзаумайæ къах бавæрæн нæ уыд. Æнгуз хъæдæй арæзт тарбын стенкæ, немыцаг фæлмæн диван, æрвхуыз хъæдабæйы тыхт къæлæтджынтæ, фæсарæйнаг гауызтæ... къуымрæбын лæджы æмбæрзæндæн айдæны раз лæууыд ну-лæс æмæ ссæдзаздзыд сылгоймаг, æмæ йæ уæлæ рабар-бабар кодта алыхуызон дарæс. Фыццаг — палтотæ. Цыппар хуызы. Сæ нуæй се 'ннæ æмбисондлæр. Уый фæстæ — худтæ. Тæккæ зынаргъдæр цæрмттæй. Стæй уæд та — цырыхъхъытæ. Æртæ хуызы. Цырыхъхъытæ-цъындатæ, фæззыгон æмæ зымæгон цырыхъхъытæ...

Йæ риу цинæй дзаг уыди Зæринæйæн. Йæ мой æртæ азы фæахуыр кодта Мæскуыйы Æхсæнадон наукæты Академийы. Сыздæхти æмæ та йæ фæстæмæ партийы райкомы фыццаг секретарæй равзæрстой. Зæринæ йæхæдæг та мæйы фæстæ йæ кæстæр хоимæ араст уыдзæни дард балцы æмæ йæ дарæс дæр уый фæдыл ракал-бакал кæны. Кæсæны раз куы нуырдæм æрзилы, куы — иннæрдæм. Фырхъæлдзæгæй афæлвары ацы бонты йæхæдæг кæй æрхъуыды кодта, уыцы ныхæстæ зарыныл дæр:

Мæнæй рæсугъддæр азылды
Æппындæр хъуамæ мачи уа.
Мæ зонды руаджы а-сæрды
Европы дзыхъхъы азилон...

«Æмæ цæуылнæ хъуамæ æрзилæнтæ кæнон Европæйы? — дзуры йæхинымæры Зæринæ. — Равдисынмæ нæ бæззын, æви цы? Круиз тæккæ модный дæр у. Стамбул, Рим, Париж, Мадрид... Æхца Сафары руаджы, путевкæтæ дæр не 'рдхæрдты æххуысæй уыдзæни. Хæлæггæнджытæ æмæ дзурджытæ дæр фæуыдзæни. Æмæ дзурæнт. Мах рæстæджы алчидæр йæ цард аразы, йæхи куыд фæнды, афтæ. Йæ бон æмæ йæ уавæртæм гæсгæ. Уæдæ! Демократи. Æмæ цæуылнæ хъуамæ ацæрон мæ зæрдæйы фæндиаг!? Бирæтау мæ дуканитæ æмæ очередтыл зилын куы нæ хъæуы. Уæдæ, суадоны бы цæргæйæ, цъымара дон нуазон?»

Дуар байгом æмæ æрбахызти йæ мой Азнауыр. Йæ бинойнаг æм разы ди, бахудти йæм. Лæг æй цыма фил пайгæ дæр нæ бакодта, цыма ацы уа мæ фыццаг хатт æрбафтыди, уыйау къуымтæм ракæс-бакæс кæнын рай дыдта. Йæ дзыппæй тамако систа сдымдта æмæ фæлладхуызæй стъолы уæлхъус æрбадти.

Сылгоймаг æм кæсгæйæ баззад. Ахæм уданст æмæ æнкъардæй йæ ни куыма фелта. Тамако дæр уаты, æвæц цæгæн, йæ фыртыхстæй сдымдта. Æмæ йыл уæдæ цы æрбамбæлди? Йæ цур мæ бацыд. Фæсонтырдыгæй йыл йæхи бауагъта. Йæ къухтæ йын йæ рустыл сæрфæгау æрхаста, йæ уадул ын йæ уадулыл авæрдта. Зæринæмæ гæсгæ Азнауырæй æмбаргæ дæр æмæ уæз дандæр адæймаг нæма равзæрди. Фæ лæ лæг уæддæр нæ фезмæлыди, ницы сдзырдта. Æрмæст йæ бапъирозы фæз дæджы къуыбылæйттæ хæрдмæ ивыл дысты. Æмæ уæд сылгоймаг йæ разы фæлмæн гауызыл, чысыл сывæллонау, æрзоныг кодта. Йæ цæстытæй йæм бахудти, йæхи йæм хæрдмæ сивæзта.

Азнауыр дæр йæ армы тъæпæн йæ бинойнаджы сау-саунд цыбыргонд сæ рыхъуынтыл фасæгау æрхаста. Уай минут æм фæзындис сылгоймаджы йæ хъæбысы æрбакæныны зæрдæ, йæ рæ сугъд пухгонд былтыл ын йæ былтæ авæрын. Фæлæ зæрдæйы рохтыл фæс тæмæ хæцыди лыстæг сасирæй луара сæры зонд.

— Цы æрцыдис, дæ хорзæхæй? Дæ цæсгом мæйдар æхсæвау куы ныттар и? Миййаг, дæ куысты?.. Æмæ ныр мæ æрæджы куы райдыдтай. Æви нæ хæс тæджытæй исчи?

Лæг, æлхынцъæрфыгæй, æнцад бад ти йæ хъуыдытимæ. Ницы дзырдта Сылгоймаг ратыхсти. Йæ цингæнаг фæлмæнзæрдæ мойы ахæм хуызæнæй никуыма федта. Фестад. Уаты къуым ты арауай-бауай кодта, йæ размæ нор

къайæ конд тымбыл худ фæцис, æмæ йæ фехста нуварсырдæм. Худ лæджы къæхты бынмæ батылдис, фæлæ уый уæлдæр ницы сдзырдта. Йæ дзыппæй та бапъироз систа æмæ та сдымдта.

Лæг куы ницы уæлдай кодта, уæд сылгоймаг йæ мойы раз æрлæууыди, комкоммæ йæм ныккасти æмæ сдзырдта:

— Гъеныр æз цы хъуамæ кæнон? Ендæр адæймаг мæстæй атъæпп уаид. Мæн та ма цæрын фæнды. Æви дæу нал фæнды? Мæнæ лæг!

Азнауыр йæ æрдæгдымд бапъироз хрусталæй конд фæныкдоны ахуыссын кодта. Æрæджиау æнæбарыгомау сдзырдта:

— Цард... Цæрын... Кæй нæ фæнды цæрын та? Алкæйæй дæр фæнды.

Зæринæ йæ мойы фарсмæ бандоныл ербадти, йæхи йæм балвæста. Фæлæ йæ лæг йæхицæй арæхстгай ассыдта. Сылгоймаг бынтондæр смæсты.

— Цы æрцыдис, дæ хорзæхæй? Цы цын кодтон? Зæгъ-ма мын æй æргомæй. Æви Мæскуыйæ мæн мæстæй марынмæ сыздæхтæ? Æви дын уым исчи баззади æмæ йæм дæ зæрдæ ахæйдта? Уæд — табуафси! Скъæргæ!

— Æргомæй зæгъыс? Æргомæй та дæ тиу æмæ ме 'фсымæры бафæрс. Дæхи дæр. Алы бон дын стыр хуынтæ æмæ зынаргъ лæвæрттæ кæй хардзæй кодта? Норкæтæ, велюртæ, фæсапæйнаг цырыхъхъытæ, фæлмæн гауызтæ? Мæнæ дзы мæ къæхты бын дæр у... Бафæрс æй! Кæцæй? Куыдæй? Иннæ ахæм «Волгæ». Йæ мызд та дæуæн æмæ дæр æмæ уæлæмæ дæр дыууадæс туманы.

Сылгоймаг, ницымбарæгау, сдзырдта:

— Мæ зæрде ма исты æрцыди. Дæуæр цæуылты фæриссын кæныс. Адæймаг ахæм ран куы фæкусы, уæд æм стытæ фæхауы. Ныртæккæ иууылдæр фтæмæйты цæрынц.

Азнауыр стъол йæ къухæй æрцавта. Фæныкдон фесхъиудта, фæнык фæйнердæм апырх ис.

— Банцай, дæ дзæгъæлдзырдæй! Сылгоймаг йæ мидбынаты фестъæлыдис, йæ цæстытæ сæ къуырфытæй ахауын æввонг систы. Лæг та ныхъус и. Æрмæст арф ныуулæфыди. Æмæ Зæринæмæ афтæ фæкасти, цыма лæг йæ ныхæстыл фæсмон фæкодта. Зуадис та йæм, йæ разы æрдзуццæгкы, йæ уæрагмæ йын сæрфæгау бавæлдта, йæ къух ын райста, былтæм æй схаста æмæ йын пъатæ кæны.

— Цæй-ма, гъеныр дæхи цæуыл хæрыс? Науæд дын æз та цы кодтон? Цæй-ма! Дæхи цы ныкъкъуытты кодтай? Цы æрцыди, уый ма мын уæддæр бамбарын кæн. Мæ мард фен, нæ хæдзары цыдæриддæр ис, иууылдæр нæхи тугвæллойæ сты. Уæд мын мæнæ ацы къухæй мæ цæстытыл бахæц. Дæхи уырзтæй мыл чырынмæ сыджыт ныккал...

Сылгоймагæн йæ цæстысыгтæ фемæхстысты. Лæг та, мидхъуырдухæнгæнгæйæ, йæхицæн ныхæстæ кодта:

«Æмæ уæдæ уæддæр куыд? Ме 'фсымæр æви мæ цæсгом? Æфсымæр? Мад? Фыд? Цæсгом? Æфсарм? Ничи, дам, æй зоны. Мæхæдæг та? Æз дæр æй нæ зонын? Мæ цæсгом? Æмæ уæддæр уæдæ куыд? Нæ зонын, нæ зонын. Иунæг æфсымæр. Æгæр зын алыггæнæн у...»

Лæг цас къуыттыхуыздæрæй бадти, уыйбæрц æнæвгъаудæрæй згъæлдысты йæ бинойнаджы цæссыгтæ, Азнауыры зæрдæ фæфæлмæндæр.

— Банцай, дæ хорзæхæй! Кæуын раздæр хъуыдис, — лæг йæ бинойнаджы сæрыл йæ къух æрхаста.

Зæринæ йæ халаты фæдджитæй йæ цæстытæ асæрфта.

— Уæддæр цы хабар у, — сылгоймаг та баздæхти йæ моймæ. — Исты фехъуыстай? Охх, мæ зæрдæ сæнкъуысти!

— Ме 'фсымæр æмæ дæ тиу, мæ зæронд фыды загъдау, сæр æмæ бæрзæй фесæфта. Дæс мины бæрц... Паддзахады æхцатæй.

— Мæ къонайыл! Уый та цы хоныс?

— Фæдавта. Науæд та йæ фæдавтой. Бæлвырд нæма зонын. Фæлæ, куыд æмбарын, афтæмæй фæдавта.

— Цытæ дзурыс, дæ хорзæхæй? Уанцон давд нæу! Чи йæ федта?

— Æз æмæ ды. Фыццаджыдæр та ды.

— Ома? Нæ дæ æмбарын.

— Цас æмбаринаг дæ? Адæймаг фынддæс азы куы фæахуыр кæны... Паддзахады чи хъæуы, ахæм дæсныдзинад куы райсы... Стæй уыцы дæсныдзинадæй куы фæлидзы, æмæ æрмæст химæ æнтой кæныныл куы свæййы, уæд уый цы фæхуины? Ме 'фсымæр агроном у. Кусгæ та кæны... базæйы. Промтоварон базæйы. Дардыл цы дзурæм. Мæнæ ма нæ хæдзары рæвдзытæм æркæс. Фарон дæр ма уæлдай бæрæг дæр нæ дардтам. Уæд нæм афæдзмæ кæцæй æркалдис уыйбæрцытæ?

— Уый та цы хоныс? Ӕз кусгæ нæ кæнын? Дохтыр нæ дæн?

— Профессор куы уаис, уæддæр ма гъа. Ӕхсæрдæс туманы дæ мæйы мызд. Уыдонæй фæсарæйнаг гарнитуртæ æлхæнæн нæй.

— Хойрагыл ницы хардз кодтон. Дæ мад æмæ дæ фыдæй уæлдай хицæн фынгтæ нæ арæзтон.

— Ӕмæ зæрæдтæн уæллаг æрвыс та?

— Сæ кæстæр фырт сын хаста. Ау, уый фаг дæр нæ куыста?

— Нæ къуымты æрмæст æз кæй федтон, уыдоны фаг ссæдз азмæ дæр нæ бакусдзæни. Науæд ма йын уый та цавæр фатер у? Йæ иунæг къоппайæн дыууæ уаты. Нæ хæдзары йын бынат фаг нал кодта?

— Нæ дæ æмбарын, цы нæ агурыс? Ды цæрæнбонты гæвзыккæй фæцардтæ æмæ уый æгъгъæд нæу?

— Цæхх, кæрдзын уыдис, уæлæдарæс — иннæ ахæм. Цы ма вæййы?

— Ныр æндæр рæстæджытæ сты.

— Цавæр? Давыны? Стигъыны?

— Ныууадз ма де стыр ныхæстæ. Цас ын нæ фаг кæны?

— Загътон дын. Чи рабæрæг, æрмæст уыдон дæс мины бæрц.

— Ӕмæ уæдæ куыд кæныс?

— Нæ дæ æмбарын.

— Районы хъуыддæгтæ дæ къухы. Дæуæй хистæр ма дзы чи у?

— Паддзахад. Адæм.

— Ӕмæ йæ нууылдæр базыдтой? Ревизи та чи кодта?

— Темырболат. Сланбегты.

— Мæ хæдзарыл! Нæ хæстæг! Уый уыд?

— Уый.

— Уæдæ... Уый мæн тыххæй алцыдæр сараздзæн. Мæ фыд æмæ йæ фыд хæрзæмхæрæфырттæ сты.

— Ома?

— Йæ гæххæттытæ æрбайсафæд. Аскъуынæд сæ. Подумаешь! Уæдæ ныр дæс мины тыххæй де 'фсымæрыл давæджы ном сбада! Ӕндæр истытæ ныффыссæд. Ды дæр сын аххуыс кæн. Ӕрмæст тагъддæр. Куыд хорз рауад, ревизор Темырболат кæй уыдис, уый. Хъусыс? Марадз!

Азнауыр æнцад бадти, йæ усы ныхæстæ йæм хъуысгæ нæ кодтой. Ныр дæр ма йæ хъусты азæлыди Темырболаты хъæлæс.

«Ӕвзæр хабар, Азнауыр. Ревизи... Сафар... Ды цалынмæ Мæскуыйы ахуыр кодтай, уæдмæ уый та... Афтæ гъе... Ӕргом давд. Дæс мины уал дзы рахъил. Зынарæн товартæй спекуляци цас фæкодта, уымæн та хуыцау йæ зонæг».

«Цы йын хъавыс?»

«Дæумæ уый фæдыл æрбацыдтæн. Ревизийы бæрæггæнæтæ мæхи йедтæмæ ничи зоны. Де 'фсымæр у. Зæринæйы тиу. Иннæ ахæм зæронд мад æмæ фыд. Цавæр цæсгом ма сæм равдисдзынæн? Сафар мын йæхæдæг фæлæстæ кодта. Ӕмæ, чи зоны, кæй бахордта, уыдон фæстæмæ куы бахастаид уæд... Фæлæ... Мæ пъартфелы сусæгæй мин сомы нывæрдта. Уый мæ бынтон амардта».

«Цы фесты уыцы мин сомы?»

«Фæстæмæ йын сæ радтон.»

«Бынтон дзæгъæлы».

«Ӕмæ йын уæддæр куыд кæнæм, уæдæ? Мæн æмæ дæу йедтæмæ ничи зоны».

«Дæумæ цы фæнд ис?»

«Бауырнæд дæ, æрмæст дæу тыххæй нæ. Хæларзæрдæ, лæггадгæнаг лæппу у. Дысон-бонмæ мæ цæстытæ не 'рцыынц кодтон. Ӕхца бахæссæд. Гæххæттытæ искуыдæй саразздзынæн. Мæ къух нæ тасы, фæлæ... Тæрхондонмæ йæ куыд радтон?

«Кæм сты гæххæттытæ?»

«Мæнæ, гъа. Мæ къухфыстæй. Дæумæ сæ уадзын. Ӕркæс сæм. Ӕрыгон ма у. Бамбардзæни... Цæй, æз цæуын. Тагъд кæнын. Бахатыр кæн».

«Уадз сæ дæхимæ.»

«Дæ хорзæхæй, æркæс уал сæм. Ахъуыды кæн. Дæ иунæг æфсымæр. Ӕмбарын дæ. Хæрзизæртæ.»

Уыцы ныхæстæ Азнауыры хъусты азæлынц, зæрдæ æрбалвасынц. Сæр разилы. «Ӕмæ уæдæ ме 'фсымæр, æви мæ цæсгом? Ме 'фсарм?—Уыцы фарста та ногæй йæ хъуыдыты февзæрди.—Ме 'фсымæр? Ноджы ма мæ бинойнаг дæр?»

Зæринæ æрлæууыд йæ мойы цур æмæ йæм комкоммæ ныккасти. Лæгъстæгæнæджы хъæлæсæй сдзырдта:

— Цы ныджджих дæ, нæ мæ бамбæрстай? Цæй-ма.—Ӕмæ та йæ мойы раз фæлмæн гауызыл йæ зоныгыл æрбадти.—Зæгъ-ма, уарзыс мæ? Зæгъ-ма. Цæй-ма, цы ныхъхъус дæ!

— Уарзын, уарзын. Ӕрмæст уæлæмæ сыст. Шах нæ дæн. Ды та шахы устыты кæстæр нæ дæ.

... Уарзыс мæ.

— Æз æнхъæл уыдтæн...

— Æнхъæлдæн, медицинон инсти-туты...

— ...ахуыр кодтай.

— Мæ къонайыл! Куыд «æнхъæл-

— Уæлæ ветеринар дæн?

— Хорз ветеринар цы фосмæ фæзи-

... уыны фосы миниуджытæ фæзоны. ...азы фæахуыр кодтай адæй-... буар, йæ нервытæ, йæ зонд. ...сын уæддæр ницы бамбæрстай. ...азы нумæ цæрæм, æмæ мæн дæр ...бамбæрстай.

— Уый дын, гъе!

— Уый дæуæн загъдæуа!

Азнауыр сыстади. Уаты арацу-бацу ...кодта, стæй æнæдзургæйæ рацыд.

...

Зæринæ йæ лæджы фæдыл рудзын-... касти. Азнауыр кæртæй ахызти. ...ынджы фæллаг фарсмæ бахызти ...мæ рахизырдæм азылди. Æвæццæ-... партийы райкоммæ.

Дуар æрбахостæуыд.

— Мæ буц чындз, ам дæ?— рай-... Сафары хъæлæс.

— Мидæмæ, мидæмæ! Дæ хорзæ-... цы хабар у?

Сафар хъавыди йæхи æнæмастхуы-... æвдисынмæ, фæлæ йыл йæ фæ-... цæсгом æмæ цæстыты æнæнцой ... комдзог цыдысты.

— Исты фехъуыстай? Чи дын ра-... Мс 'фсымæр?

— Уый.

— Уæлæ ныртæккæ мæ рæзты æнæ-дзургæйæ уымæн аивгъуыдта. Æзын-... мæ нæ федта.

— Æвæццæгæн дæ нæ федта.

— Гъа, зонын æй. Цæхæртæ кал-... Мæ цæстытыл уайы. Æниу ...ыйы куы нæ уыдаид, уæд мын ...озы мæ куыст ныууадзын бауагъ-...? Науæд фатер райстаин? Куыд ...!

— Уæддæр цы æрцыди?

— Чидæр мыл ныффыста. Хæлæг-...джытæ. Гæххæтт Темырболатмæ ...уддис. Уый йæ æвдисгæ дæр никæ-... ракодта, афтæмæй мæм æрбами-...

— Афонылл куыд нæ загътай! Афо-...! Уый мæн тыххæй...

— Цæмæй зыдтон, хæстæг дын у, ...? Аивæй ма йын йæ пъартфелы ... сомы дæр бæргæ нывæрдтон. Фæ-... ницы. Дæ чындзы хатыр, дам, дын ...уæд, æндæр, дам...

— Цы, «дам?»

— Ахæстон. Æхца, дам, бахæсс, æмæ дæ хъуыддаг æнцондæр рауайдзæни. Ома мын къаддæр стæрхон кæндзысты. Иугæр тæрхондонмæ куы æрцæуа, уæд... Æнхъæлдæн гæххæттытæ мс 'фсымæрмæ радта.

— Уый хорз у,— сылгоймаджы цæсгом фæрухс и.

— Æвæццæгæн æй нæма зоныс.

— Бæргæ йæ зонын.

— Куы мын баххуыс кæнид, уæд, бæргæ. Науæд сæфт æмæ сæфт. Цы загъта?

— Алывыдтæ мын акалдта. Иудадзыг дæр, дам, йæ сæрыл дзурыс. Хабар ахъæр ис, æви нæма?

— Ничи ма йæ зоны. Æрмæстдæр ревизор æмæ мс 'фсымæр. Стæй æз æмæ ды. Ныртæккæ ма уал, бæргæ, æнцон аразæн у. Æхца дæлæмæ дæр æмæ уæлæмæ дæр, дæс мины! Дыккаг ревизи дæр саразæд. Накладнойтæ рафыссин, цыма уый аргъ дуканитæм товар ауагътон.

— Цы кæнын хъæуы уый тыххæй?

— Мс 'фсымæр гæххæттытæ сæ хицаумæ радтæд. Æмæ йын зæгъæд, науæд сæ аскъуыдтæ кæнæд. Темболат та ног гæххæттытæ саразæд. Равдисæд дзы иу дыууæ-æртæсæдæ сомы. Уый тыххæй мын ницы кæндзысты. Иннæ хъуыддæгтæ мæхи бар.

— Æхцайæ мах дæр феххуыс кæндзыстæм,— бацырд ис Зæринæ.— Исты дæр ауæй кæниккам.

— Ницы мæ хъæуы. Æрмæстдæр гæххæттытæ. Спичкæ сыл бадарæд.

— Уый дын мæ бар. Æз æй сразы кæндзынæн. Дæуæй фылдæр дзæбæхтæ никæмæй зонын. Дæу тыххæй мæ уд дæр...

— Нæ удтæ ма нæ бахъæудзысты. Æрмæстдæр гæххæттытæ.

* * *

Изæры йæ фæзындмæ йæ ныййарджытæ æнхъæлмæ кæй кæсдзысты, уый æмбæрста Азнауыр æмæ йын куыддæр фадат фæци, афтæ хъæмæ батагъд кодта. Æрмæст сæхимæ никæйы æрбайййæфта. Биноты æрбацыдмæ æнхъæлмæ кæсгæйæ, Азнауыр æнкъардæй бадти йæ уаты. Хинымæры тæрхæттæ кодта. Йе 'фсымæр æмæ йæ ныййарджытимæ сабыргай баныхас кæндзæни, ревизийы гæххæттытæ сæм равдисдзæни, стæй сæ фæстæмæ сæ саразæгмæ ратдзæни. Уый та сæ арвитдзæни прокурормæ.

Радиойæ хъуысти иннæрдæр симфонион музыкæ. Систади, фæсабырдæр æй кодта. Уалынмæ ырбайхъуысти йæ мады хъæлæс:

— Чында, ам нæ дæ?

— Цы кæныс, нана?

— Лæппу куы дæ! — Мад афтыд цъындаты уатмæ бахызти. — Чында, нæма фæзындис? Уæ фыдимæ ам нæ уыдыстæм. Уæртæ, мæгуыр, уыцы фæлæсыхаг куырм ус Баднимæ амарди. Байгадн. Нæ хуыцауы фæндагыл араст и. Бæгуы нæу, чи байгайы. Тæхуды, тæхуды!

— Æрбад-ма, нана! Ныр-ма уал сæрæгас, æнæниз. Цы ныл нæ фаг кæны? — къахæгау сдзырдта Азнауыр.

— Фидгул дæр мæнау æнæниз фæуæд. — Мад къулмæ скасти. Уым нуыгыд уыдысты дыууæ æрыгон лæппуйы нывтæ хæстон дарæсы. — Игæрхæлд æрбауон! — зæронд ус байдоныл йæхи æруагъта.

— Уый... Хæст у аххосджын, нана. Æрмæст мах æй нæ байзæрстам...

— Ныр та æгæсты мæтæй зæрдæскъуыд кæндзынæн. Уыцы лæппу цы кодта? Цы йыл æрцыди? Куынæ мын æй ской кодтай. Чында мын цыдæртæ радзырдта. Кæд æй исчи фæсайдта. Цы ныхъхъус дæ? Цы йын нс дæ зæрды?

— Нæ зоныи, нана.

— Уый та цы хоныс? Уæдæ ма чи зоны? Гæххæттытæ дæр, дам, дæ къухы куы сты. Æрмæстдæр, дам, иунæг ныхас...

Азнауыр уæдæй нырмæ лæууыдис, ныр йæ мады фарсмæ æрбадти æмæ фæлмæнцæстæй касти йæ ныййарæгмæ. Куыд дзура йемæ? Нæ рыстæзæрдæ ныййарæгимæ? «Æргомæй? Æви фæдфæливæн ныхæстæй? Æргомæй, æнæ расай-басайæ, — скарста хиныммæры Азнауыр. — Уыдон дæр аххосджын сты. Усæй, мадæй, фыдæй. Афтæ йын нæуылнæ загътой: «Алæма, цы кусыс? Уый бæрнытæ кæцæй æмæ цæмæй лæсыс?» Науæд æй уыцы куысты чи нывæрдта, уыдон та? Мæ 'рдхæрттæ... Мæ фыдызнæттæ». Азнауыр йæ мадæн дзуапп радта:

— Нана, тæрсын, мæ ныхас ын куы нæцыуал бахъуыс кæна, уымæй.

— Чындзы хæстæг Темырболат гæххæттытæ дæумæ нæ радта?

— Радта.

— Æмæ сын уæдæ цы кæннаг дæ?

— Прокурормæ сæ радзынæн та тæрхондонмæ.

— Мæ арт бауазал! Уый цæуыл! Æрра фæдæ? Нæ вæр ...

— Адæм къуыддæгтæ уый ...

сты.

— Мæ бындурыл! Дæ иунæг ...мæр нæ хæстонмæ цæмæй бакæнæ ...дæ фæндыд? Дæхи зæрдæ ...дыууæ хæстæры аны вæлæстыл ...тæ радтой. Уый та Сыбырмæ?

— Нана, ма тæрс! — Азнауыр ... мидбылты мæстæлгъæд худ... та. — Сыбырмæ нал æрвитынц ... искуы куыддæриддæр,

— Ахстæй?

— Ахстæй.

— Цал азы? Æххæст ма ... дæр куы загътон, — йæхи тыхджынæй урæдта мад, афтæмæй фарста йæ фырты.

— Загъдзынæн. Иу фондз ...

Мад йæ бынатæй фестади, ... разылдта йæ фыртмæ, йæ уæрджы... æрхоста.

— Мæнæ хæрз бын куыд бадын ... мæхимæ! Ды дæр, дæ фыдау, ... мбаргæ дæ. Хæдзары фидбылыз! ... лæппу ма-иу нæм фæкæс ... ахæстонмæ бакæн. Æфсæрмы дæр ... кæныс, æфсæрмы?

— Кæнын, нана, кæнын.

— Кæмæй?

— Адæмæй? Адæмæй, нана! ... мæхицæй дæр. Мæхи нæ сæтонмæй ... шæстом та æрмæст мæхи нæу. Пар... йы дæр ма у.

— Æндæр иннæ загъинаг дæ?

— Иннæ, — тыхлæмæрстæй ...

сдзырдта Азнауыр.

— Мæгуыры бон мыл куыд ак... демæ, Лæппу! Ахъуыды кæн! Фæф... мы у.

Уæдмæ Азнауырæн йæ фыд дæр ... базмæхти зианджынтæй. Хæдзар... тыргътæм куы схызти, уæд йæ бин... ты тыхст ныхас йæ хъустæ ...

— Хъæрæссæйы чызг, цæуыл та ... хыс? Цы дыл æрбамбæлдис?

— Нæ хæдзар ма ныл уыцы лæ... дардта! Æмæ йæ нæ зонджын а... тонмæ æрвиты.

— Зондджын уый уыдис, — сдзыр... Азнауыр. — Æрцæсут ма мæнæ ... уатмæ. Нæ зонды фæдтæ куыд бæр... дарынц! Цыма хæзнадон у!

— Мæ хæдзарыл! Уый та цы хон... Нæ тугвæллойæ! Чындзы тугвæллой...

— Тугвæллойæ цæстæ самал кæн...

уый дæр зоныл. Уæдæ йæ ног фатер р афтид нæ уыдзæни. Мæнæн мæ зл уый мыздæй æртæ хатты фыл-р у. уæддæр «Волгæ» нæ, фæлæ «За-рожец» балхæнын дæр мæ бон нæу.

Зæронд лæг æрыхъуыста йæ биной-г æмæ фыртмæ, стæй хъæрзæгау дзырдта:

— Цы зонын, мæнæн дæр-иу афтæ ырдтой. Нæ мыздæй, дам, балхæд-м. Æнхъæлдæн, æмæ мын мæ зæронд рæй фæхынджылæг кодта.

— Дыууæйæ дæр æмхуызæттæ ут,— зæронд ус тæргайхуызæй касти æ фырт æмæ йæ лæгмæ.— Хæдзары дбылыз.

— Хуыцауæй бузныг. Дæу хуызæн ай нæ фестæм,— йæ къæхты бынæй ууляфыд зæронд лæг.— Ныхæстæ ыхæстæ сты. Аллайаг кæндзыстæм. Ийаг, ахæстонмæ куы бахауа. Цы æсгом ма равдисдзынæн адæммæ? Давджыты ном ныл сбаддзæни. Ахъуы-ды кæн, лæппу. Кæд ма йын исты хос дзынид.

— Нæ зонын.

— Цы зонын æй хъæуы,— бустæхуы-зæй та сдзырдта мад.— Гæххæттытæ скъуыдтæ кæн.

— Кæд, миййаг... гæнæн ис. Ахъуы-ды кæн,— лæгъстæгæнæджы хъæлæсы уагæй загъта фыд.

— Æхца уал бахæссæд. Уый фæстæ бæрæг уыдзæни. Мæнæ ацы хæррæгъ-тæ дæр ауæй кæнæд.

Уæдмæ дуарæй йæ сæр æрбадардта Зæринæ дæр. Азнауыры фæстаг ныхас йæ хъустæ ацахстой, æмæ мæстыхуы-зæй сдзырдта:

— Де 'лхæд не сты! Дæ уæйкæнинаг дæр! Куы нæ мын алхæдтай! Афтид къуымтæм куы æрцыдтæн!

Чындзы ныхæстæ мадæн йæ тъæнг-тæ ацагътой. Йæхи йæм нал баурæд-та:

— Уый дын, гъе! Афтид къуымтæм! Цыма дæ мад æмæ дæ фыд къупецæг-тæ уыдысты!

— Уæдæ мын йæхи цы суæйгæнæг кодта!

— Æрмæстдæр афтæ! — фидарæй загъта Азнауыр.— Уый фæстæ йæ тæр-хондон æвзардзæни.

— Фараст мæйы дæ мæ гуыбыны уæддæр фæхастон. Афæдз мын мæ риу-тæ фсууылдтай. Ме 'хсыры цъыртт дын хæрам фæуæд!— Мад цæхгæр фæзылдис æмæ дуар ныггуыпп кодта.

— Охх, охх, охх! Ай онг та ма цæ-мæн фæцардтæн, хуыцау! Лæппу, ахъуыды кæн. Уæ мад дæр тæригъæд у, фырмæстæй зæрдæхæлд фæуыдзæни.

— Куы йæ фæнда...— арæхстгай сцæйдзырдта Зæринæ.

Азнауыр æм фæзылди.

— Баццай! Губернатор куы нæ дæн!

— Æмбарын дæ, лæппу,— фæлмаст хъæлæсы уагæй та сдзырдта фыд.— Æрмæст дæу фæндонæй нæу. Стæй фæндон æмæ цæсгом дæр иу хъуамæ уой. Фæлæ уæддæр... Никуы дын балæгъстæ кодтон. Чи зоны, уый ма мæ фæстаг курдиат у.— Æмæ сабыргай ахызти уатæй.

...Азнауыр бадти иунæгæй. Ног хъуыдытæ йæ сæры гуырыдысты. «Згæхæрд топп, дам, дыууæрдæм æхсы. Дывыдон арты чи бафты, уый дæр, æвæццæгæн, мæ уавæры вæййы. Мæ куыст, мæ цæсгом, мæ хæс — нууылдæр давд æмæ давджыты ныхмæ. Социалистон цардарæзты фыдызнæгты ныхмæ. Ныр давæгæн хъузон куы суон, уымæй тæрсын райдыдтон. Æфсымæр. Иунæг æфсымæр. Цыппарæй ма дыууæ баззади. О, мæ мад, бæргæ дæ æмбарын. Дæ хъуыды æмæ дæ ныхас ныййарæджы ныхас. Æз та ма æфсымæрæй уæлдай кусæг дæр дæн. Ахæм æнаккаг миты ныхмæ тохгæнæг. Уæд куыд хъуамæ кæнон? Æви мæхи дыууæ дихы акæнон? Цы фæци уыцы лæппу дæр? Куы йæм арвыстон æмæ куы нæ зыны?— Азнауыр сыстади, рудзынджы цурмæ бацыд, кæсы æддæмæ.—Гъа, уæртæ æрбацæуы. Ацы хатт — сæргуыбырæй. Цард афтæ кæны. Цард хъазынæн нæу».

Дуар байгом. Æмæ къæмдзæстыгхуызæй æрбахызти Сафар.

— Дæ бон хорз!

— Æгас цу.

Кæстæр æфсымæр дуармæ хæстæг къулрæбын слæууыди, æмæ йæ цæстытæ пъолмæ саразта. Азнауырмæ комкоммæ бакæсын дæр нал уæнды. Хистæр æфсымæр йæ цурмæ бацыд. Йæ къух æм бадаргъ кодта. Сафар дæр æм йæ къух радта. Азнауыр сабыргай сдзырдта:

— Æрбадæм уал. Мæнæ ам, мæ фарсмæ æрбад ды дæр. Афтæ, гъе. Гъы, куыдтæ цæрыс? Ныр дыккаг мæй ам дæн, æмæ дæ фыццаг бонты цы федтон, æндæр хæстæг нал цæуыс. Æз ам куы нæ вæййын, ды уæд æрбауайыс, æз ам куы вæййын, уæд та дæу

нæ февзæлы. Æмæ уæлæ уæдлæр куыд?

— Мæгъа... Нæ зонын.

— Уæдæ ма йæ чи зоны?

— Æвзæгиатæн, ды. Дæумæ, дам, сты гæххæттытæ.

— Хъус ма, Сафар! Мæ зæрдæйы æнкъарæнтæ... Куыд сæ дзурон? Хулиаг мæм кæсы. Ирон адæм сæ зæрдæйы иин æвдисынмæ чъындыгомау сты рагæй дæр. Мах бинонтæ та уæлдайдæр. Чысыл лампуйæ дæр мæ фыдæй рæвдауæн ныхас никуы фехъуыстон. Хæстæй куы сыздæхти, уæд шыма фæфæлмæндæр. Æви йæ уый размæ фаг не 'мбæрстон?

— Æвзæгиатæн.

— Чи зоны. Æмæ дын уый зæгъинаг дæн. Ды мæ бынаты фæдæ, уæд цы бакæнис?

— Цæмæй фервæзай, уый бакуснн.

— Ахæстонæй?

— Уæдæ.

— Æмæ мæ уæд мæхицæй та чи фервæзын кæнид?

— Нæ дæ æмбарын.

— Ахæстонæй фервæзынæн гæнæн ис, фæлæ адæймаг йæхицæй фервæза, уымæн ницыма амал ис.

— Бузныг,— тæргæйхуызæй дзуапп радта Сафар.

— Табуафси, кæд дын афтæ æхсызгон уыдис, уæд.

— Дæуау фыринаæй хæрдмæ хауын.

— Бирæ æмбарыс.

— Мæхи фаг æмбарын.

— Сæхи фаг нæ цъадвалы мыстытæ дæр æмбарынц. Нæ фыд сын къæппæг сæвæрдта, æмæ уырдæм дæр нал цæуынц. Фыræфсæстæй. Хи фаг... Æгæр чысыл нæу? Цаддзахад дæ схаста, фындæс азы дæ фæахуыр кодта. Ды та йын йæ къæбиц фæкъахтай.— Азнауыр йæ бынатæй систади. Фыртыхстæй уаты къуымты аразил-базил кодта. Стæй та сдзырдта:— Хи фаг ратонакæнын... Хи фаг æгъгъæд уыдис радзы. Дæ фыд æмæ уый фыдмæ хæрæг йеддæмæ куы ницы уыдис, уæд. Сæ хуымгæнд та армы тъæпæны йас куы уыдис, уæд. Алчидæр йæ хъаруйы, йæ хиддаинады, йе 'рагъы руаджы куы ирвæзтис, уæд. Æмæ уæддæр æцæг дæттæ афтæ нæ хъуыды кодтой. Уый æлгъæгты, æввонгхорты философи у. Хи фаг. Æрмæстдæр. Уый дæр адæмы хардзæй. Цæй, хорз. Цы ис дæ зæрды? Цы æрхъуыды кодтай?

— Цымæ дын нæ дзырдта? Гæххæттытæ фæстæмæ ратт Темырболатæн. Науæд сæ дæхæдæг æскъуыдтытæ кæн. Ног сæ нифффыссæд. Æндæр ... хъæуы. Иннæтæ мæхæдæг сарæзтон ... нæн.

Зæринæ æрдæбон чысыл раздæр æрбацыди хæдзармæ. «Тыргъы ... уыди, ныр мидæмæ æрбахызт. ... ницы хъусæг æмæ ницы уынæг ... афтæмæй цыдæргæ архайдта йæ уæт ... Азнауыр та йæ хъуыдыйы хал ... та дардлæр.

— Гъы, æндæр æй ницы хъæуы! Ныфыдгæнæджы бæсты — æхсæз. Вæвырддæрæй... Дæ фæстæ — дыккаг ... Гæххæттытæ куы аздахон, уæд ... фæстæ — ревизор. Нодзы дæ чындз, ... мад, дæ фыд. Закъонмæ гæсгæ ... джы чи зона æмæ йæ чи басусæг кæн... уый дæр даваг у.

— Æмæ закъон æххæст кæныны ... цæй райдайынмæ хъавыс?

— Рæдийыс. Нырон дæр сæ æххæст кодтам. Цы дзагъултæ кæныс? Дæ ... цы ныттызмæг кодтай? Уыны хуызæнæй раздæр кæм уыдтæ? Æхсæз ба... уыдзыстæм, загътон. Иу фыдгæнæджы бæсты — æхсæз. Иу фыдраконд ... нады бæсты — дыууæ. Бамбæрстай?

— Дæ бынатæн тæрсыс?— был... чъилæй бахудти Сафар.

— Тæрсын. Растдæр зæгъгæйæ — мæ цæсгомæн. Бынæттæ ивгæ сты. Цæсгом та иу у. Дæ хуызæттæн та алы бынатæн дæр хицæн цæсгом ис. Хицæн æфсарм. Куыд сын пайда дæр уа, уымæ гæсгæ.

— Политграмотæ раджы ахуыр кодтон.

— Давæджы политграмотæ цæмæн хъæуы.

— Ды мын кæй дзурыс, уыдон мæхæдæг дæр æмбарын.

— Уæдæ ма дæ цы хъæуы?

— Æххуыс.

— Хорз. Æз дын баххуыс кæнdзынæн. Хъусгæ кæн.

Сафар æм æнæуæнкхуызæй ... хъуыста.

— Дæ машинæ ауæй кæн.

— Цæмæн?

— Хъусгæ кæн. Мæнæ ам цы хæрæгътæ æрæмбырд кодтат, уыдон дæр ардыгæй ахъуытты кæн.

Зæринæ йе 'ргом раздæхта йæ мойырдæм. Мæстыхуызæй сдзырдта:

— Иу хатт дын загътон. Мæ уаты дзаумæттимæ никæйы ницы хъуыддаг ис.

Азнауыр цыма йæ усы ныхас хъус...

ер нæ фæкодта, уыйау дзырдта

ыгг:

Æнæ закъонæй фатер райстай. дæр ратт. Ахæстонæй куы рацæ-

рииæ йæ лæджы ныхас аскъуыд-

Уый та ма цавæр ахæстон у? Ахæстон зæгъыс?—ныддис кодта

р.

Ахæстонæй куы рацæуай,—цыма дурджыты нæ фехъуыста, уыйау ныхас кодта Азнауыр,—уæд дын ам хæдзар. Хицæн уат. Сæдз затон метры.

Сæрхъæн.— Йæ ком хæлиу дæр кодта, афтæмæй сдзырдта Сафар. азнаджы цæстæй бакаст йæ 'фсы-æ, цæхгæр фæзылди æмæ раив-дта.

Дурзæрдæ!—сдзырдта Зæринæ йæ тиуы фæдыл тыргъы тæм рауа-бæлæ Сафар уæдмæ кæртæй ахыз-

орз... Мæ бар дæ бауадз,— хъуы-кодта Зæринæ. Æз дын схос кæн-æн». Уый æнхъæлдта: ревизийы Азнауырмæ ис. Æмæ нæ рæдыд. л фæстæдæр сылгоймаг мидæмæ зти æмæ цыма йæ моймæ кæрæ-æ тызмæгхуызæй дæр не сдзырд-уыйау ныхæстæ кæнынæл фæци.

Ды дæр дæхи мауал хæр. Дæ ы нæ у. уый дын тыххæй ничи зын кæндзæни. Нæй æмæ нæй. æ мах дæр бамбар. Уæдæ цы кæ-Хуыздæр ма кæмæ бакъул кæ-? Не скаст дæр ды æмæ нæ нык-дæр.

цы изæр бинонтæ Зæринæйæ фæс-е раджы бахуыссыдысты. Азна-æвæццæгæн, йæ тарффынæймæ ццæ, Зæринæ та ма уæддæр хæ-ы зилæнтæ кодта. Уыцы афон бав-та йæ лæджы костюмыл иту æвæ-æ дæр. Йæ дзыппæй йын систа ыкæлмæрзæн, ручкæ, фыссæн ч чиныг æмæ цавæрдæр гæххæт-. Æркасти сæм. Цыппар дыдагъ-гæххæттытæ разындысты реви-акт. Фондз сыфы. Рæсугъд æмæ т дамгъæтæй фыст. Йæ цæст æрхаста. Бамбæрста, Сафарæн йæ ртæй фараст мины æмæ авд сæдæ ин цыппар сомы аргъ кæй нæ фаг , уый. Гæххæттытæ йæ къухы цы-зæлгæ цæхæртæ уыдысты, уыйау т ис Зæринæ. Фыццаг сæ дзау-ы скъаппы арф ран авæрынмæ хъавыд. Уый фæстæ та — цæлгæнæны, скъаппы бинаг лагъзы. Фæлæ ахъуыды кодта: «Райсом мæ куы суттылы кæна, уæд ын сæ æнæратгæ нæ фæуыдзынæн». Уæд та сæ нанамæ раттин. Æмæ уый дæр фынæй у. Чи йæ хъал кæны? Сафар йæхæдæг ам куы фæуыдаид, уæд, бæргæ! Телефонæй балзурæн дæр æм нæй. Цæй, цы уа, уый уæд! Кæд мæ ахæстоны нæ бакæнинккой. Темырболат мын йæхæдæг дæр куы загъта: гæххæттытæ сты Азнауырмæ, æмæ сын уый цыдæриддæр кæна, ууыл æз — разы». Зæринæ акты фондз сыфыл æрхæцыди æмæ сæ дæргъмæ цалдæр хатты æрфарии кодта. Стæй сæ уæд цæхгæрмæ лыстæг гæппæлгай скъуынын байдыдта. Бынтондæр куы бабыгъуы сты, уæд сæ кæртмæ адавта æмæ сæ уым бырæттæ калæн асыччы нысхуыста.

Райсом Азнауыр йæ костюм ног итувæрдæй куы федта, уæд цæмæндæр ахъуыды кодта акты гæххæттытыл. Йæ къух йæ пинджачы ну дзыппы атъыста, иннæйы асгæрста. Никуы æмæ ницы! Арахъуыды-бахъуыды кодта, уæдæ сæ кæд куысты ныууагъток, зæгъгæ. Фæлæ йæ зæрдыл æрлæууыд: бæлвырдæй сæ йæ дзыппы нывæрдта. Æмбæрста: йæ бинонтимæ йæ тыхдзырд кæнын хъæудзæни. Æмæ йæм ахæм фæнд уыди, ома сæ равдисдзынæн, зæгъгæ. Фæлæ сæ ныхас æгæр карз уыд, æгæр тызмæг æмæ гæххæттытæ дæр нал равдыста. Азнауыр дуары тыргъæй йæ сæр адардта æмæ сдзырдта:

— Цы фæдæ, цы? Рауай-ма!

Зæринæ кæрты райсомы зилæнтæ кодта, æмæ йæ лæджы ныхас куы айхъуыста, уæд, ницызонæгау, йæ цуры алæууыди.

— Уыцы гæххæттытæ цы фесты?

— Цавæр гæххæттытæ? — Сылгоймаджы цæстытæ исдуг ферттывтой. Былты кæрæттæ бахудынæввонг базмæлыдысты. Фæлæ йын уыцы зæрдæйы ахаст уайтагъддæр æрбайсæфти. Æмæ хъуыддагхуызæй сдзырдта:

— Куы ницы федтон. Цæй кой кæныс?

— Ревизийы гæххæттытæ мæ дзыппы уыдысты. Мæ костюмыл мын иту сæвæрдтай, æмæ дын уый тыххæй бузныг. Фæлæ гæххæттытæ тагъд радав,— Азнауыр йæ мидбылты æмбаргæ худт бакодта.

Чи зоны, уыцы мидбылхудт фæсайдта сылгоймаджы. Чи зоны, афтæ бан-

хъæлдта, æмæ Азнауыр йæхæдæг дæр æртасыди. «Æндæр уæлæ цæмæн бахудтаид? Æнну сæ йæ дзыппы та цæмæн нывæрдта? Æвæццæгæн сæ йæхæдæг дæр аскъуыдтæ кæнынмæ хъавыди». Уыцы хъуыдыты фæстæ сылгоймаг дæр æфсæрмдзæстæй бахудт, йæ сæрыл хæрдмæ схæцыди, цыма йæ мойæн аба кæнынмæ хъавыди, уыйау, æмæ сдзырдта:

— Къодас! Дæ сæры бæсты фæцæуæнт!

— Цы, цы? Цы загътай? Кæм сты, загътай?

— Нал сты. Хыррытт! Бырæттæм сæ асхуыстон.

Азнауыр йæхæдæг дæр нæ бамбæрста, йе 'нгуылдзтæ куыд æрбатымбыл сты æмæ йæ къух йæ рæсугъд усы уадулыл куыд сæмбæлдис, уый.

Уаты гом рудзынгæй, уынджырдæм, сæууон уæлдæфмæ атахти Зæрийæйы цъæхахст.

...Азнауыры уынаффæмæ гæсгæ Темырболат ногæй ныффыста ревизийы акт æмæ йæ районы прокурормæ арвыста...

* * *

Партийы райкомы пленум æвзæрста иунæг фарста. Азнауыры курдиат. «Ме 'фсымæр давæг кæй разынди, уымæ гæсгæ мæнæн райкомы секретарæй кусын нал æмбæлы. Курын, мæ бынатæй мæ суæгъд кæнут».

Азнауыры курдиатмæ партийы обкомы бюройы нæ, фæлæ райкомы пленумы æркæсыны хъуыды фæзынди обкомы бюройы уæнгтæм кандидат Батрадзмæ. Æмæ пленум саразын дæр уымæн бабар кодтой.

Пленумы Батрадз бæстонæй радзырдта, хъуыддæгтæ куыд уыдысты, уый. Темырболаты ревизи, Сафары мин сомы, биноиты хыл, ревизийы гæххæттыты давд, усы уадулы цæф æмæ иннæ æндæр хабæрттæ дæр...

Райкомы пленумы уæнгтæй иу, зæронд æмæ зындгонд ахуыргæнæг Хадзымурат ракуырдта ныхасы ба... дæггай трибунæмæ рацыди, йæ ... цæстытæ йæ фындзыкæлмæ... асæрфта, йæ цæстытыл сæ бак...

Цы фарстамæ кæсæм, уый т... мæнмæ нс ахæм фæндон. Курди... тыл банымайæм. Азнауырæн уæ... рахæссæм, йæ усы тымбылкъуха... ныццавта, уый тыххæй. Афтæ на... зæгъæ, уæд сылгоймаджы цæст... нс ссау уыдаид.— Ацы ныхæста... гæйæ зæронд ахуыргæнæг иу... дæр касти бынмæ, трибунæйы ... ваг фæйнæджытæм:— Уæ хор... хатыр бакæнут. Азнауыр йæ бь... куы фесгид æмæ уал æддæм... ауаид. Иу лæгæй мæн хъыгдары... зиднум, сымах бартæ дæр мæхим... райстон, уый мын бахатыр кæ... Рухсады, хæсты æмæ партийы в... Хадзымураты нууылдæр зыдтой... дæрты йæ фыдуаг миты тыхх... хъус кæмæн раивæзта, ахæмта... уыдис пленумы уæнгтæй. Хадзь... ты фæндоныл сразы сты нууь... Райкомы секретарь сыстад æма... гуыбырæй раивгъуыдта.

— Афтæ хуыздæр у,—йæ ныха... та зæронд ахуыргæнæг.— Ныр а... ды кæнæм. Растдæр куыд уы... афтæ бакæнæм.—Æмæ йæ цæст ... та адæмыл.— Ахъуыды кæнут, а... ды. Тыхсгæ ма кæнут. Афтæ дæр... йы. Æцæг лæгтæ арæх не сты... дæр уæ рох ма уæд. Мæхи ф... ахæм у: Азнауыр æцæг лæг кæй у... мы цыфыддæр знæгтимæ тохы... дзинад кæй æвдисы, уымæ гæсгæ... мæ баззайа райкомы секретарæ...

Æмæ кæд зæронд ахуыргæн... фæндон хъæлæс кæнынмæ ничи... вæрдта, уæддæр пленумы уæнгт... уылдæр сæ къухтæ сдардтой. ... рæбын рудзгуыты цур цы сылгой... бадтис, уыдонæй чидæр æрæмд... кодта. Æмæ иннæтæ дæр уый б... мыдтой.

хъæлдта, æмæ Азнауыр йæхæдæг дæр æртасыди. «Æндæр уæлæ цæмæн бахудтанд? Æниу сæ йæ дзыппы та цæмæн нывæрдта? Æвæццæгæн сæ йæхæдæг дæр аскъуыдтæ кæнынмæ хъавыди». Уыцы хъуыдыты фæстæ сылгоймаг дæр æфсæрмдзæстæй бахудт, йæ сæрыл хæрдмæ схæцыди, цыма йæ мойæн аба кæнынмæ хъавыди, уыйау, æмæ сдзырдта:

— Къодас! Дæ сæры бæсты фæцæуæнт!

— Цы, цы? Цы загътай? Кæм сты, загътай?

— Нал сты. Хыррытт! Бырæттæм сæ асхуыстон.

Азнауыр йæхæдæг дæр нæ бамбæрста, йе 'нгуылдзтæ куыд æрбатымбыл сты æмæ йæ къух йæ рæсугъд усы уадулыл куыд сæмбæлдис, уый.

Уаты гом рудзынгæй, уынджырдæм, сæууон уæлдæфмæ атахти Зæринæйы цъæхахст.

...Азнауыры уынаффæмæ гæсгæ Темырболат ногæй ныффыста ревизийы акт æмæ йæ районы прокурормæ арвыста...

* * *

Партийы райкомы пленум æвзæрста нунæг фарста. Азнауыры курдиат. «Ме 'фсымæр давæг кæй разынди, уымæ гæсгæ мæнæн райкомы секретарæй кусын нал æмбæлы. Курын, мæ бынатæй мæ суæгъд кæнут».

Азнауыры курдиатмæ партийы обкомы бюройы нæ, фæлæ райкомы пленумы æркæсыны хъуыды фæзынди обкомы бюройы уæнгтæм кандидат Батрадзмæ. Æмæ пленум саразын дæр уымæн бабар кодтой.

Пленумы Батрадз бæстонæй радзырдта, хъуыддæгтæ куыд уыдысты, уый. Темырболаты ревизи, Сафары мин сомы, бинонты хыл, ревизийы гæххæттыты давд, усы уадулы цæф æмæ иннæ æндæр хабæрттæ дæр...

Райкомы пленумы уæнгтæй иу, зæронд æмæ зындгонд ахуыргæнæг Хадзымурат ракуырдта ныхасы бар. С... лæггай трибунæмæ рацыди, йæ кæс... цæстытæ йæ фындзыкæлмæрзæн... асæрфта, йæ цæстытыл сæ бакодта.

Цы фарстамæ кæсæм, уый тыххæ... мæнмæ нс ахæм фæндон. Курдиат ра... тыл баныма йæм. Азнауырæн уайдзæ... рахæссæм, йæ усы тымбылкъухæй ... ныццавта, уый тыххæй. Афтæ нæ уыд... зæгъгæ, уæд сылгоймаджы цæсты бы... нс ссау уыдаид.— Ацы ныхæстæ ... гæйæ зæронд ахуыргæнæг иудадзы... дæр касти бынмæ, трибунæйы ... ваг фæйнæджытæм:— Уæ хорзæхæй... хатыр бакæнут. Азнауыр йæ бынатæй... куы фестид æмæ уал æдлæмæ ... ауанд. Иу лæгæй мæн хъыгдары. Пре... зидиум, сымах бартæ дæр мæхимæ кæй райстон, уый мын бахатыр кæнут. Рухсады, хæсты æмæ партийы ветераны Хадзымураты иууылдæр зыдтой. Кæд... дæрты йæ фыдуаг миты тыххæй ... хъус кæмæн раивæзта, ахæмтæ ... уыдис пленумы уæнгтæй. Хадзымураты фæндоныл сразы сты иууылдæр. Райкомы секретарь сыстад æмæ ... гуыбырæй раивгъуыдта.

— Афтæ хуыздæр у,—йæ ныхас ... та зæронд ахуыргæнæг.— Ныр ахъуыды кæнæм. Растдæр куыд уыдзæни, афтæ бакæнæм.— Æмæ йæ цæст ра... та адæмыл.— Ахъуыды кæнут, ахъуыды. Тыхсгæ ма кæнут. Афтæ дæр ... йы. Æцæг лæгтæ арæх нс сты. Уый дæр уæ рох ма уæд. Мæхи фæндон ахæм у: Азнауыр æцæг лæг кæй у, адæмы цыфыддæр знæгтимæ тохы лæ... дзинад кæй æвдисы, уымæ гæсгæ хъуы... мæ баззайа райкомы секретарæй.

Æмæ кæд зæронд ахуыргæнæджы фæндон хъæлæс кæнынмæ ничи æрæвæрдта, уæддæр пленумы уæнгтæ иууылдæр сæ къухтæ сдардтой. Къу... рæбын рудзгуыты цур цы сылгоймæгтæ бадтис, уыдонæй чидæр æрæмдзæгъд кодта. Æмæ иннæтæ дæр уый бафæзмыдтой.